**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 13 (7257)*

*27 март 2017*

*2 гьумер*

В память М. Дахадаева 10 июля 1922 года решением ВЦИК г. Петровск-порт переименован в Махачкале

Также в честь него названы:

- Дахадаевский район Дагестана (до 19 апреля 1930 года Ураринский район)
- Дахадаевка (бывш. село Преображенское) — хутор Кумторкалинского района Дагестана
- Дахадаево — название села Даттах (Чечня) с 1944 по 1957 г.
- Махачаул — название села Ца-Ведено (Чечня) с 1944 по 1957 г.
- Махач-Аул — аул в Нефтекумском районе Ставропольского края.
- Махачкент — бывший аул в Кизлярском районе, ныне в составе села Новый Бирюзяк

***Республикаялда***

## Сакъатазе шартIал гIуцIи

Араб соналъул сентябралдаса нахъе гIумроялде бахъинабулеб буго «Доступная среда» федералияб программа. Гьелда рекъон, I66 школалда гIуцIана сакъатал лъимал цIализариялъе санагIатал шартIал. Лъимадул рокъор рукъзал кьуна.

гел бесдалазул къадар дагьлъана: I83 лъимер бачун ана хъизанazда хьихьизе. Избербашалда букIараб лъимадул рукъалъул гьабуна лъимадул ах. Бесдалго ва къайимчи гьечIого хутIараб 252 лъимералъе рукъзал кьуна.

## Гьоркьохъеб махщелалъул лъай кьей

ЧIахIиял классазул цIалдохъабазда 11 батIияб махщел малъиялъе шартIал гIуцIана школазда.

Гьоркьохъеб махщелалъул лъай кьеялъул 64 идара буго республикаялда. Гьезда гьоркьоса 11 рагьун буго ВУЗазда ва гьезул филиалазда цере. 32 программаялда рекъон, цIали гIуцIун буго гьениб. Колледжазда хIадурула кинабниги I5I махщелчи. Гьезда гьоркьоса жакъа къоялде бищун хIажалъулелги тIаса рищун, 50 махщел чIезабуна ва гьел ругьун гьареян лъазабуна колледжазул нухмалъулезда.

Республикаялъул колледжазул студентал гIахьаллъана «Россия лъул гIолохъанал махщелчагIи» абураб профессионалияб къецазда. СКФОялда чIел босарав щуго студент ун вукIана ТIолгороссиялъул къецалде ва призалъулал бакIазеги мустахIикълъана.

25-65 сонил ригьазул гIадамазда махщел малъулел курсалги рагьана Дагъистаналда.

## «Живая классика» конкурс



Гьал къоязда Унсоколо № 2 школалда тIобитIана «Живая классика» абураб темаялда муниципалияб этап. Гьенир гIахьаллъана районалъул 8 школалдаса вакилзаби.; Унсоколо № I ва № 2, Шамильхъала, Генуб, ХъахIабросо, ПашилтIа школал. Тадбир тIобитIиялъул мурад букIана цIалдохъаби тIахьал цIализе рахъинари, гьезул пикро цебетIезаби, ай тIахьаздехун лъималазул рокьи бижизаби.

ТIахьал цIализе гьира букIин бихьизабуна киналго лъималаз. БатIи-батIиял асаралгун цере рахъана 20 цIалдохъан. Щивас гьелъул асар битIун цебе чIезабуна, героязул образал рагьулаго гIодана, релъана. Бихьулеб букIана гьез цIалдохъабазе цIикIкIараб асар гьабулеб букIин.

Конкурсалъул финалисталлъун рахъана районалъул 3 гIахьалчIужу: Генуб поселокалъул школалъул цIалдохъан Аминат Набигулаева цее яхъана В. Драгунскиясул асаралъул бицун. Гьебго школалъул цIалдохъан СагIадат ГIабдулхIамидовалъ цIалана А. С. Пушкинил «Буква «Ты» абураб асар. Унсоколо № 1 школалъул цIалдохъан ПатIимат МухIамадовалъ-Л. Воронцовасул «Девочка из города» абураб асар махщалида бицана. Лъабайго финалистал ритIизе руго регионалияб конкурсалде, гьенирги бергьани ТIолгороссиялъул «Артекалда» бук1ине бугеб конкурсалда гIахьаллъизе руго.

МахIач Дахадаев гьавун - 135 сон тIубаялде

# ХIинкъи бугев студент

**ГIагарал къоязда районалда кIодо гьабизе буго Дагъистаналъул цIа гIадав революционер, гIенеккарал хIайран гьарулеб пасихIлъиялъул оратор, ансадерил бахIарчияв вас МахIач Дахадаев гьавуралдаса I35 сон тIубаялъул юбилей. Жакъа нижеца кьолеб буго гьесул хIакъалъулъ ансадерил публицист МухIамадов ГIабдула Бадиевичас хъвараб «ХIинкъи бугев студент» абураб къисаялдаса бутIа.**

Петербургалда, I904 соналъул хаслихълъи цогидал соназде дандеккун, байбихьудасаго кьвараб букIана. Севералъул цIорол океаналдасан, циндаго тIаде щвараб гьаваялъул квачараб карачелалъ тахшагьара лъул гIадамазул чIухIиялъул чIалу бекизабуна. Амма лъицаниги гьелда гIажаиблъи гьабулеб букIинчIо, щайгурелъул, сонал гьоркьор рахъун, гьединал лъугьа-бахъинал гIемер такрарлъулел рукIана. Цо-кIиго къоялда жаниб шагьаралъул гьумер лъалаго хисун ана, регьел хIалаб риилъ реэдун, цоцаде щурщудун, гIащикьго рукIарал тIамхал циндаго бачIараб квачалъ, тIаде саву ккараб гIадин, далун рачIана ва лъималиго тIаде ре лъен щвараб гIадин, меседил кьералде сверана. Шагьаралъул чIухIарал ахакь тIугьдул речIана ва гьезул гьуинал махIалги хIалуцараб гьороца рахъ-рахъалде хъамун ана. ТIадагьаб ретIелгун, вееpалъ гьогьенги гьабун, парказда сверулел гогьал мусудузул читIир гьоркьоса тIуна ва бечелъиялъ чахьал чIварал чIухIухьабазулги сурпа-къайи рокъобе бакIаризе ккана. Гьанже гьел хинал аваданал ихдалил къояз гурони кьватIире ахIуларо. Фабрик-заводалъул хIалтIухъабазги квачалдаса цIунизе хинаб партал ретIана. Гьедин бачIинахъего хаслихълъиялъ цого тIабигIаталда гуребги, гIадамазул хьвада-чIвадиялдаги, хиса-баси ккезабуна.



Бащадалдасаги къокълъарал октябралъул къоял цоязда релъараб цояб бачIунеб букIинчIо. Гьале жакъаги, ралъдал карачалаби радалго полпид росун гьалаглъун лъугьана, цинги къалъудаса хадуб, бакI-бакIалдасан тIаделъун, гIодонакIкI шагьаралда тIупана. Кисан балагьани къосунареб адмиралтействоялъул, Петропавловскиялъул хъалаялъул, Исааковский килисаялъул хучдул гIадал бегIерал тIохал некIого, лъутIал гIадин, накIкIулъе лъугьун рукIана. Бакъаниде, рикIкIадаб Атлантикиал лъул карачелаз гочун бачIунеб къуват хвараб хинлъи, севералъул гьуригун тIаде щвараб квачалъ тIад жемун, жаниб букъизабуна. Гьанже гьеб, доба ралъдал рагIалда чугIихъабазул гьурмадаги, гьанир кьватIазда сверун свакарал гIадамазул бераздаги, цого къагIидаялъ зинкIкIарулеб букIана. Квачараб хаслихълъиялъ кинабго жо, дагь-дагькккун, жиндирго кваркьалабазде гьоркье бачунеб букIана.

ЦIализе иналда цебеги махххул кьебед ДахIадал васасул хIакъалъулъ росулъ гIемерал харбал рукIана. Бицунеб букIана, цо нухалъ жиндирго чIужу ХIурияд эмен, ХIусенил Хъарагиш, хералъул бекараб кверзул харицелги босун дурцасде аскIове вачIанилан. Гьесие бокьун букIанин росулъго цIар арав махщелчи- ДахIадаца гьелъул бекараб бакI регьезе. Амма дурцасе гьеб бацIцIине бокьичIин. Гьесда мухIканго лъалеб букIанила басрияб харицелалъул санагIатаб алат лъугьунгутIи. Квералъ гьебги бега-битIун ДахIадаца вакьадасда абунила:

- Валагь, Хъарагиш, гьа лъул жо ккезехъин гьечIо. РачIа дица дуе цIияб харицел гьабила. – Цинги кверзукь ххенезабулебги букIун устарас харицел цояб ра хъалде рехана.

Дагьав гьелдаса пашманлъарав гIадин Хъарагишица хъахIлъараб мегежалда кверг бахъана. Хералъ цIакъ беццулеб букIиндал Хъарагишие гьелдаса ватIалъизе бокьун букIинчIо.

-Гьалъул жо ккеларебиницхха дуца абулеб?

-Ккеларо, дир эмен. Бакьулъан кьватIел цIакъго кьватIибе рехун буго.

ДахIадаца жиндирго вас МухIамадгIали лъабго сон барадаса, перело пузе ругьун гьавун вукIана, щуго сон балеЛдего гьесул лъикIав кумекчи лъугьана. Вакьадасе харицел гьабизе ДахIадаца чармил кесек кодобе босана ва гьеб тIорччолъ къазабуна. Хъалиялалъе тамахьо буссунеб кIудияв инсухъги валагьун, МухIамадгIалица перелоялъул басрияб квар туркIана. Амма цIикIкIун ккана. Басрияб квар бакьулъан тIуна. Перелоялъул гIорькь кьебелъиялъул тIуцабго рукъалъул мокърукь кьабуна. ДахIадаца гьениб къазабун букIараб квартIа, бортун бачIун васасул ботIрода лъурана ва Хъарагишил кверзулъ речIчIана. Херасул гьаракь борчIана ва буссунеб букIараб тамахьоги щущан ана. БотIрода кверги чIван вас биччан гьаракьгун велъана. Гьесие кеп щвана квартIаги щун щущахъ биххараб херасул тамахьоялъул. БотIролъ квартIа щваниги хIал хисичIев васасухъги балагьун, Харагиш гьакIкIан хутIана ва гьесул кьвакIиялда гIажаиблъи гьабуна.

- Гьале бихьинчи! Унго-унгояв «МахIач» вуго,-ян гIодобе гьараб тамахьо бищизе лъугьана херав. Амма лахIулъги хIурулъги гьеб бищизе бигьаго букIинчIо.

Хъарагиш даран-базаралда халат бахъун гIумро гьабулев Стамбулалда вукIана. Турказул мацIги гьесда лъикIго лъалаан. Гьез бекизе кIолареб тIало гIадаб гьецIоялда «МохIоч» абулаан. Гьелдаса нахъе инсуца жиндаго рекъезабун васасда «МахIач»-ян ахIулаан. Гьеб цIар МухIамадгIалида хехго рекIана ва лъицаниги гьесде МахIачилан гурони ахIулеб букIинчIо.

И нституталда студентазда гьоркьоб балъго гIуцIун букIана К. Марксил «Капитал» абураб тIехь лъазабулезул кружок. Гьениб цIияб общество гIуцIиялъул хIакъалъулъ кьварарал дагIба-къецал рукIунаан. Цого ахикь гьуинал махIазул тIугьдулги, тIадехун зазги, добехун чIарги букIине бегьулеб гIадин, студентазул кружокалдеги батIи-батIиял мурадазул, батIи-батIиял пикрабазул къокьаби ракIарун рукIана.

*(Хадусеб бук1ине буго)*

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 13 (7257)*
*27 Март 2017 сон*



Уважаемые жители Унцукульского района!
Информируем Вас о том, что есть возможность предоставления в филиал ГАУ РД «МФЦ в РД» по Унцукульскому району копий документов, подтверждающих правовые основания владения и использования заявителем жилых помещений (зеленка) в котором он зарегистрирован по месту постоянного жительства для получателей субсидий на оплату ЖКУ, чьи личные дела признаны не соответствующие требованиям.

*Нижер гара-чIвари*



**Араб хIалхьиялъул къоялъ кIодо гьабуна гIадамазе рукIа-рхъиналъул ва жилищниягун коммуналияб магIишаталъул хIалтIухъабазул профессионалияб праздник. Коммуналияб магIишаталда хIалтIулезул намус бацIцIалъиялда бараб жо гIемер буго инсанасул. Гьеб бутIаялъул хIалтIухъаби свак лъачIого хIалтIула нилъер рукIа-рахъиналъул даража берцинлъиялъе, ай нилъее кидаго бацIцIадаб лъим, хинлъи ва канлъи букIинабиялъе, паркал, нухал, азбарал берцинго къачIан нилъ рохиялъе.**

**Жакъа кIудияб хIалтIул бутIа лъолеб буго рукIа-рахъиналъул хIалтIухъабаз района лъул экономика цебе бачиналъулъ, кинабго гьабулеб буго хъулухъазул свери гIатIид гьабиялъе, гьабулеб хIалтIул качество борхиялъе.**

**ЖКХялъул тIадал ишазде гьоркьобе уна ни лъер гIумроялъул аслиял мурадал, гIумро гьабиялъе кIвар бугел санагIалъаби гьариялъул суалал. Гьез тIуразарула КНСалъул системаялъул битIараб функция букIинаби, лъедалъул хьезаби ва. гь. ц.**

**Жидерго праздникалъул къоялда цебе ЖКХялъ гьарулел хIалтIабазда хурхун нижеца гара-чIвари гьабуна районалъул ЖКХялъул хъулухъалъул нач. А. ГIабдулхаликъовасулгун.**

**-АхIмад, баркула дуда ва дур цIаралдасан тIолалго хIалтIухъабазда нужер профессионалияб праздник! Бокьилаан дурго хIалтIул хIакъалъулъ чанго рагIи абуни. Кинаб лъай дур бугеб? Кин вачIарав ЖКХялде хIалтIизе?**

- Баркала! Гьавуна Унсоколо районалъул гьебго росулъ. I979 сонада школаги лъугIун цIализе лъугьана МахIачхъалаялъул строительияб техникумалде «Промышленное и гражданское стрительство» факультеталде. I982-I984 сонazда хъулухъ гьабуна Советияб Армиялъул кьеразулъ. I984-I987 соназдa хIалтIана Унсоколо производственнияб участкаялъул Хьаргаби электрическиял сетазда, хадув хIалтIана Унсоколо РАПОялда инженер-строительлъун, гьединго I988-I99I соназда Унсоколо МСОялда. Гьелдаса хадуб I997 соналде щвезегIан хIалтIана «ЧIикIабГЭСстроялъул» ОАОялда. Гьел сонaзда цIалана «Управление и бизнес» институталда, специальность буго «Финансы и кредит»,-абураб. ХIалтIана СМУ-8 ялъул ОАОялда, лъай кьеялъул управлениялда ведущий специалистлъун. Хадув 2008 сонaлда «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул распоряжениялда рекъон тIамуна ЖКХялъул отделалъул начальниклъун. Жакъа къоялдаги гьенив хIалтIулев вуго.

**-АхIмад ХIажиевич, бице нижеда ЖКХялъул аслиял рахъазул.**

-Нижер аслияб масъала ккола магIишаталда жанисел ва автомобилазул нухал рацIадго чIезари, мусоралдаса рацIцIад гьари, рукIа-рахъиналъул отходал ракьулъ рукьи, гьел отходал рарал бакIазда хадуб хал кквей, лъеда, электоричество чIезабиялда хурхун гIадамазе хъулухъ гьаби. Гьединго Рихьуни лъел хIорил магистралияб нухдаса бахъараб I4,8 км. насосниял станциязул тIалаб гьабизе ккола. Нижер отделалде кьун буго райадминистрациялъул бакIал раялъул ва архитектураялъул отдел, гьениб штат кьун буго жилищниябгун коммуналияб контролалъул инспекторасе.

**-Кинаб бугеб инспекторасул хIалтIул функция?**

-Гьес тIубазе ккола жилищно-коммуналияб хъаравуллъи ва кьезе ккола информация ЖКХялде.

**-Кин бугеб мусор баччиялъул иш?**

- Нижеца хIаракатаб хIалтIи гIуцIула района лъул росабазул щибаб мусор балел бакIазда, рукIарахъиналъул отходазда хурхун. Арал соназдe дандеккун гIемерго дагьлъана мусоралъул къадар. Нилъер районалъул территориялдасан унеб буго республикаялъул кIвaралъул нух. Нужеда лъалищ, 6-7 азарго гIанисеб автомашина унеб буго сордо-къоялда жаниб гьеб нухдасан, гьелъул жидеего хасиятал хIасилалги рукIуна, хасго мусоралда хурхун. Дица бицухъе нижер оранизациялъ цебеккунго хIалтIи гьабун букIуна гьел нухал рацIцIадго чIезариялъе. Гьал къоязда нижер хIалтIухъабаз магIишаталда жанисел рацIцIалъиялъул хIалтIаби гьаруна. Гьединго свалкабазда сверухъги гьабуна рацIцIалъиялъул хIалтIи. Абухъего рацIцIалъиялъе гIоло кинабго гьабулеб буго. Цогидал районазда дандеккун ни лъер районалда рацIцIалъи чIезаби лъикI бугин ракI чIун абизе кIола дида. ХутIун буго цо кIвар бугеб хIужа, гIолеб гIелалъе рацIцIалъи цIуниялда

## ГIабдулхаликъов АхIмад ХIажиевич

# БакIарулелъуб гуро рацIцIалъи букIунеб, гьеб цIунулелъубин»

хурхун тарбия кьей, гьезие гьарулел малъа-хъаял.

**-Лъедалъул хьезариялъул иш кин бугеб?**

-Лъедалъун хьезариялъул захIмалъаби руго, амма гьелда сверухъ хIалуцараб хIалтIиги гьабулеб буго. Нижеца дагьаб цебе дандчIваял гIуцIана росабазул бутIрузулгун, гьезул кIвар буссинабуна бакIаздеа лъел иш рукIалиде ккезабиялде, мусор баччиялде.

**-Кинал суалалгун духъе бищун гIемер гIадамал рачIунел?**

-Гемер рачIуна тарифазул услугаби гьариялда хурхун. Нижеца гIемер тIоритIула жамагIатазулгун дандчIваял, гьенир рицуна жакъа хъулухъазухъ гIарац кьезе кколеб куцалъул. Ниж ричIчIулелги гIезегIан руго. Тариф нижеца чIезабулеб жо гуро, хасаб гьеб тIубазабулеб хъулухъ буго республикаялда. Кинабго данде кколеб буго хъулухъалъулги тарифазулги.

Бокьилаан гьаризе гIадамазда, бокьараб заманалда нужер ругел захIмалъабазул рахъалъ рагьараб диалогалде рачIа,-ян. Парзазул бакIалда рачIа нижехъе чIванкьотIарал суалалгун, ахIе телефоналъ. Кидаго нужехъ гIенеккизе хIадур руго, гьарила консультациял, балагьила кин кумек гьабилебали ва кIвараб къагIидаялъ гьабила гьеб. ГIадамазда лъазе ккола услугабазул правилаби, кин гIарац кьезе кколебали, жилищниябгун коммуналияб лъай букIине ккола щивасул. БичIчIулеб жо буго нилъер рыночнияб гIасруялъул минтолитет хисизе мех щун букIин, дотациялъул заман ун буго, нижеца ва нужеца гIумро гьабулеб буго бачIараб гIарцудасан.

**-ГIадамазда щиб абизе бокьилаан дуе?**

-Дир мурад ва гьебго заманалда дирго рахъалъ гьариги буго районалъул гIадамазе ЖКХялъул коммуналияб хъулухъалдехун адабгун ралагье, цIуне районалъул территориялда гьабураб рацIцIалъи ва гьабе гьеб нужецагоги, низам цIуне киналъулго,-ян. Гьеб кинабго нилъеда бараб буго. Падада гуро некIсияб аби бугеб; «бакIарулелъуб гуро рацIцIалъи букIунеб, гьеб цIунулелъубин»,-абураб.

**-Баркала гара-чIвариялъухъ.**

# Информация для проведения общественных работ

**ГКУ РД ЦЗН в МО «Унцукульский район» информирует:**

Уважаемые работодатели: Главы поселений Унцукульского района, а также руководители организаций и учреждений, принимаем от Вас заявки и потребности, для проведения оплачиваемых общественных работ в рамках договоров с совместной деятельности с предприятиями различных форм собственности и сфер деятельности.

Под общественными работами понимается трудовая деятельность, имеющая социально полезную направленность и организуемая в качестве дополнительной социальной поддержки граждан, ищущих работу.

К общественным работам не относится деятельность, связанная с необходимостью срочной ликвидации последствий аварий, стихийных бедствий, катастроф и других чрезвычайных ситуаций и требующая специальной подготовки работников, а также их квалифицированных и ответственных действий в кратчайшие сроки.

Право на участие в общественных работах имеют граждане, зарегистрированные в органах службы занятости в целях поиска подходящей работы, безработные граждане. Преимущественным правом на участие в общественных работах пользуются безработные граждане, не получающие пособия по безработице, безработные граждане, состоящие на учете в органах службы занятости свыше шести месяцев.

Участие граждан в общественных работах допускается только с их согласия. При направлении на общественные работы учитываются состояние здоровья, возрастные, профессиональные и другие индивидуальные особенности граждан.

С лицами, желающими участвовать в общественных работах, заключается срочный трудовой договор. Срочный трудовой договор об участии гражданина в общественных работах может быть, расторгнут им досрочно при устройстве на постоянную или временную работу.

Оплата труда граждан, занятых на общественных работах, производится в соответствии с законодательством Российской Федерации.

В период участия безработных граждан в общественных работах за ними сохраняется право на получение пособия по безработице(кроме граждан, участвующих в общественных работах и указанных в пункте 3 статьи 4 настоящего Закона).

На граждан, занятых на общественных работах, распространяется законодательство РФ о труде и социальном страховании.

Финансирование общественных работ производится за счет средств работодателей, у которых проводятся эти работы.

Адрес: Унцукульский район, с.Унцукуль, ул. М. Мустафаева 30.тел. (822) 55-62-58,55-62-57
эл.адрес: e-mail:czn-uncuk@mail.ru

**Х. ХАЙБУЛАЕВ.**
**Инспектор по информационному обеспечению**

# Лъималазул тIахьазул ва музыкаялъул анкь






Экологиялъулгун Каспиялъул Соналъ районалъул культураялъул отделалъ Унсоколо росулъ тIобитIана щибаб соналъ тIобитIулеб лъималазулгун гIолилазул вестиваль. Гьелда цIар букIана «Лъималазул тIахьазул ва музыкаялъул анкь»,- абураб.

Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна Унсоколо № I ва № 2, Шамильхъала, ЦIатIанихъ, ХъахIабросо, ГIашильтIа, Генуб, Рихьуни, Майданское, ГьаракIуни, Балахьуни школаз. ЦIалдохъабазул



церерахъиназе къимат кьолеб букIана компетентнияб жюриялъ анлъго номенациялда рекъон.

Тадбир байбихьулаго цIалдохъабазе бергьенлъаби гьарун кIалъана отделалъул нач. ГIали ГIабдулаев. Командабазда гьоркьоб бугеб эркенаб заманалда лъикIал церерахъинал гьаруна XI. МухIамадовасул цIаралда бугеб хореографическияб «Горянка» ансамблялъ. Балагьизе рачIарал щибал коллективазул церерахъиназ рази гьаруна.

Тадбиралъул ахиралда хIасилал гьаруна. Щибаб командаялъе щвана фестивалалъул дипломал.

## ЦIар рагIарал гIадамазул хIакъалъулъ

* КIудияв физик Альберт Энштейница киданиги хIатIида носкаби ретIунароан. Гьес гьел гордероба лъуб бищунго хIажат гьечIел жаллъун толаан. Заманго иналде гьезда картIалги лъугьунелъулха. Хасал тадбиразде физик вачIунаан рорхатал ботинкабиги ретIун, гIицIал хIатIал-бохдул рихьичIого рукIине.

*Басняби хъвалев чи И. А. Крыловасе гIемер кваназе бокьулаан ва дагьав кIвахIалав вукIана. Машгьурав вукIаниги эксцентичнияв кьарач кваналаан чIолеб бакI лъачIого. Хвея лъеги гьебго гIилла ккана. Масленицаялда гIемерал блинаби кванана гьес ва гьеб хIалтIизабизе ургьимесалда кIвечIого хвана.

* Марк Твен гьавуна I835 соналда, Ракьалда аскIосан комета Галелея боржунеб мехалъ. Хвана тIад буссун гьебго заман бачIараб мехалъ. Живго хъвадарухъанас абулеб букIана жив дунялалде вачIанин Галелея кометаялда цадахъ, гьебгун тезеги бугин гьаб дунял, - абун.

Внимание!

# Эпидемический паротит

Уважаемые жители Унцукульского района!

Роспотребнадзор по Республике Дагестан информирует о том, что в нашей республике сложилась крайне неблагополучная ситуация по эпидемическому паротиту.

Эпидемический паротит (в народе это заболевание называется «свинка») - это респираторная вирусная инфекция, которая представляет серьезную эпидемиологическую опасность из-за высокой заразности, особенно для детей в возрасте от 3 до 17 лет. Осложнение эпидемической ситуации в республике началось с февраля 2016 года и продолжается по настоящее время. На 3 марта текущего года в Дагестане зарегистрировано 485 случаев эпидемического паротита, из которых 208 случаев – дети до 17 лет. В данное время в республике проводится комплекс мер по локализации и ликвидации очагов инфекции и выяснению причин распространения опасного заболевания.

В связи с вышеизложенным, поясняем, что среди причин вспышки эпидемического паротита в том числе и увеличение в последние годы количества отказов от профилактических прививок.

Уважаемые жители района! Будьте бдительны и не подвергайте своих детей риску! Роспотребнадзор по РД предупреждает об опасности данного



заболевания и важности иммунизации против него в рамках национального календаря профилактических прививок, а также по эпидемическим показаниям.

Не пренебрегайте своим здоровьем и здоровьем своих детей!

Пайдаяб малъи

## Сахаллъун ва гIумро халаталлъун рукIине

**ГIемерал гьудулзаби ккве**

Цо рахъалъ гьудулзабаз гIадатияб къагIидаялъ кумек гьабула дуе захIматаб заманаялъ. ХIакъикъаталдаги гьудуллъиялъ борхизабула окситоциналъул производство – хIеренлъиялъул гормон. Гьелъ гIодобе биччазабула гIадалзул нахуда тIад ургъелаз гьабулеб асар, гIодобе ккола артериальнияб давление, рукIалиде ккезабула черхалъул цIайи, унтабаздаса хадуб хехго сахлъи тIад буссуна.

**ХIалтIе рахъун чIун**

КIочон те кресло. ГIодоб чIун бараб цо къоялъ гIагараб лъабго сонида жаниб 40 % хвалилаб хIинкъи ккезабула, нужеца тренировка гьабулеб бугониги. Нуж гIодор чIун ругеб мехалъ нужер бидул хьвади гIодобе ккола, дагьлъула колорийность ва нужер обмен веществ гIодобе ккола. ГьединлъидаI кIванагIан дагь гьабе гIодор чIун регIулеб заман. Рахъун чIун лъабго сагIаталъгIаги хIалтIулел ругони сахлъи лъикIлъула, гIумро халалъула.

**Ца-кIал чуре**

Гьеб рагIи ракIалдаго гьечIого абураб гIадин ккола, амма кIалдир ругел турарал бактерияз черхалда лъугьинарула батIи-батIиял процессал, гьелъ ккезаризе рес буго рекIелгун бидурихьазул унтаби, инсульт, диабет, жеги остроиммуниял унтаби, ай ревматоиднияб артрит. Гьединлъидал черхалъе кIудияб кIвар буго ца-кIал бацIцIадго чIезабиялъул.

**ГIемер кванай цIиял овощал.**

Гьел гIемер кваналел гIемерго сахал рукIине руго.

**Пикро гьабе лъикIалъул**

ГIумроялдехун бугеб позитивияб балагьиялъ гIадалзул нахалъе кумек гьабула депрессиялдаса лъутизе ва унтабигун къеркьезе. ГIадатияб релъиялъ гIодобе ккезабула стрессалъул гармоналъул кортизола кигIан лъикIабги даруялдаса лъикI.

**Черхалъул цIайиялда хадуб хал ккве**

Черхалъул цIайиялъул индекс ккола битIараб физическияб ахIвал-хIалалъул барометр. КигIанисеб къадаралда дур букIине ккола цIайи цIикIкIун батаниги, гьедигIанабго къадаралъ къокълъула гIумро.

**ЦIулакьо кванай**

_____Гьелъ гIодобе ккезабула бидул давление, холестериналъул къадар, рукIалиде ккечIеб рекIел ритм, лъикIлъула ва гIодобе ккола сахарнияб диабет. Гьединго цIулакьудалъ бугеб цIикIкIараб къадаралъул белокалъ, жиралъ гIорцIизарула ва кумек гьабула цIайи рехизе.

**Гьаре физическиял упражнениял**

Бокьараб физическияб упражнениялъ, шура-хъуриялъ кумек гьабула сахго рукIине ва гIумро халалъизе.

**«Айболит» газета**


| | | | |
|---|---|---|---|
| **Газета основана 1937 г.**<br>УЧРЕДИТЕЛЬ:<br>Администрация МО<br>«Унцукульский район»<br>Главный редактор<br>КЕБЕДМАГОМЕДОВА<br>САНИЯТ<br>КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД<br>Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.<br>Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | **Адрес редакции:**<br>Унцукульский район<br>пос. Шамилькала<br>ул. М. Дахадаева 3<br>Телефон редактора<br>89896522856<br>sadovoduns@yandex.ru<br>368940 | **Адрес издателя и типографии**<br>г. Махачкала<br>«Дом печати» ул. Акушинского 21<br>Подписано в печать 16. 3.27 г. 19. 30<br>фактически -19. 40 мин.<br>.......................................<br>Газета выходит 52 раз в год<br>на аварском и русском языках<br>Тираж - 1000 экз. |